

## Rekonesans Pasyan an pou Konsiltasyon Jenetik

Pwofesyonèl medikal ou a voye w nan Natera pou konsiltasyon jenetik. Konsiltasyon jenetik se pwosede ede moun konprann ak adapte a konsekans medikal, sikolojik, ak famiyal kontribisyon jenetik yo genyen nan maladi. Natera se yon konpayi dyagnostik ki ofri tès anplis sèvis konsiltasyon jenetik. Konseye nan jenetik ki pral fè seyans konsiltasyon jenetik ou a se yon anplwaye Natera.

Randevou pou konsiltasyon jenetik ou a pral fèt pa videyo. Mwen konprann Natera gen kòm politik pa otorize ankenn anrejistreman (ni odyo ni videyo) seyans konsiltasyon jenetik yo. Pandan seyans la, konseye nan jenetik la pral poze w kesyon sou antesedan medikal pèsònèl ou ak antesedan medikal fanmi w. Si w ansent, konseye nan jenetik la pral mande tou pou antesedan medikal pèsònèl ak antesedan medikal famiyal konpayon w lan oswa lòt paran byolojik gwosès la. Dapre enfòmasyon sa yo, konseye nan jenetik la pral diskite sou risk posib ki genyen yo pou pwoblèm jenetik medikal yo idantifye ki gen dwa touche ou ak/oswa pitit ou.

Ou gen responsab bay konseye nan jenetik la enfòmasyon kòrèk ak konplè. Risk konseye nan jenetik la ap bay yo depann de si enfòmasyon ou bay yo kòrèk. Nan sèten ka, konseye nan jenetik la gen dwa mande pou w jwenn rezilta tès jenetik oswa dosye medikal nan men yon lòt founisè medikal oswa nan men yon manm nan fanmi w. Ou gen responsabite voye tout dosye li mande yo bay konseye nan jenetik la.

Konseye nan jenetik la ap eksplike w tès ki disponib pou ou yo. Nan eksplikasyon sa a ap gen avantaj, limitasyon, ak risk ki asosye ak tès yo. Ou pa oblije fè tès yo. Se ou k ap chwazi si w ap fè nenpòt nan tès ou diskite yo.

Si w deside fè nenpòt nan tès ou diskite yo pandan seyans konsiltasyon jenetik ou a, ou gen responsabite fè suivi avèk pwofesyonèl medikal ou a k ap kòmande tès la(yo). Pwofesyonèl medikal ou a responsab chwazi laboratwa k ap fè tès la(yo). Pifò rezilta tès yo disponib dis 2-3 semèn. Si yo pa kontakte w pou ba w rezilta w yo apre 3 semèn, ou dwe fè suivi avèk pwofesyonèl medikal ou a.

Yo ba w yon kopi Avi sou Pratik Konfidansyalite (Notice of Privacy Practices, NPP) Natera a. NPP a dekri kijan Natera gen dwa itilize ak bay enfòmasyon pwoteje sou sante w epi li di Natera gen dwa chanje pratik sa yo. Ou kapab jwenn NPP a sou entènèt tou nan [www.natera.com/natera-notice-of-privacy-practices](http://www.natera.com/natera-notice-of-privacy-practices).

Bòdwo pou seyans konsiltasyon jenetik ou a separe de bòdwo pou pwofesyonèl medikal ou a. Natera ap voye bòdwo pou konpayi asirans ou a si w bay enfòmasyon sou asirans. W ap responsab peye tout balans ki rete, dediktib, kopeman ak/oswa ko-asirans.



Conceive. Deliver. Thrive.

## Kesyonnè pou Konsiltasyon Jenetik pou Repwodiksyon

### Enfòmasyon sou Pasyan an

Non Fanmi: \_\_\_\_\_ Non Batèm: \_\_\_\_\_  
 Dat Li Fèt: \_\_\_\_\_ Laj: \_\_\_\_\_ Pwofesyon: \_\_\_\_\_  
 Adrès Reyèl: \_\_\_\_\_  
 Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_  
 Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_ Imèl: \_\_\_\_\_

### Enfòmasyon sou Konpayon an

Non Fanmi: \_\_\_\_\_ Non Batèm: \_\_\_\_\_  
 Dat Li Fèt: \_\_\_\_\_ Laj: \_\_\_\_\_ Pwofesyon: \_\_\_\_\_  
 Adrès Reyèl: \_\_\_\_\_  
 Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_  
 Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_ Imèl: \_\_\_\_\_

### Pwofesyonèl Medikal Ki Voye W la

Non Pwofesyonèl Medikal la (Doktè Akouchman/Maladi Fanm Prensipal): \_\_\_\_\_  
 Non Klinik la: \_\_\_\_\_  
 Adrès Reyèl: \_\_\_\_\_  
 Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Telefòn: \_\_\_\_\_

### Enfòmasyon sou Asirans la

- Voye bòdwo pou asirans la
- M ap Peye pou Tèt Mwen

Konpayi Asirans la: \_\_\_\_\_  
 Nimewo Gwoup la: \_\_\_\_\_ Nimewo Manm nan: \_\_\_\_\_  
 Non Manm nan: \_\_\_\_\_

**Enfòmasyon sou Gwosès la**

Èske w ansent kounye a Wi/Non/Pa Fin Si      Ki dat w sipoze akouche? \_\_\_\_\_

Èske konpayon w lan se papa/paran byolojik gwosès sa a? Wi/Non/Pa Fin Si

Èske w te sèvi ak yon donè dechay ak/oswa ze pou jwenn gwosès sa a? Wi/Non/Pa Fin Si

Èske se premye gwosès ou? Wi/Non/Pa Fin Si

Si se non, ranpli tablo ki pi ba a:

**Antesedan Gwosès**

<b>Dat Akouchman</b>	<b>A Lè oswa Anvan Lè</b>	<b>Semèn Gwosès</b>	<b>Sèks Byolojik (G/F)</b>	<b>Rezilta (An sante, konplikasyon, elatriye)</b>

**Enfòmasyon sou Tès yo**

Èske ou oswa konpayon nan repwodiksyon w lan te fè depistaj pòtè? Wi/Non/Pa Fin Si

Èske ou oswa konpayon nan repwodiksyon w lan te fè tès kwomozòm nan san? Wi/Non/Pa Fin Si

Èske ou oswa konpayon nan repwodiksyon w lan te fè nenpòt ki lòt tès jenetik? Wi/Non/Pa Fin Si

Si se wi, tanpri eksplike: \_\_\_\_\_

Si w ansent, èske w te fè tès pandan gwosès la? Wi/Non/Pa Fin Si

Si se wi, tanpri make tout tès ou fè yo:

- Iltason
- Depistaj nan san pou gwo tèt ak/oswa anomali tib neral ak/oswa depistaj ki pa envazif pandan gwosès la pou kwomozòm anòmal
- Prelèvman tisi ki vlope tibebe nan vant la (CVS)
- Priz lwezo
- Lòt: \_\_\_\_\_

### Medikaman/Kontak

Si w ansent, èske w te pran oswa gen kontak ak nenpòt nan bagay ki annapre yo:

- Sigarèt
- Alkòl
- Dwòg rekreyatif
- Radyografi (apa pou dan)
- Medikaman ki pa vitamin pou gwosès ni analjezik ki pa bezwen òdonans
- Lòt: \_\_\_\_\_

Èske gen medikaman w ap pran regilyèman? Wi/Non/Pa Fin Si

Si se wi, tanpri bay tout medikaman ou pran depi konsepsyon an (apa vitamin pou gwosès ak Tylenol) nan tablo ki pi ba a.

Medikaman	Pwoblèm Medikal	Dòz	Dat w pran l

### Antesedan Familyal

Nan ki peyi zansèt ou ak sa konpayon w lan sòti oswa ak ki gwoup rasyal/etnik ou ak konpayon w lan idantifye?

Pasyan an \_\_\_\_\_ Konpayon an \_\_\_\_\_

Èske ou ak konpayon w lan gen lyen san? Wi/Non/Pa Fin Si

Èske ou oswa konpayon w lan te yon adopsyon? Wi/Non/Pa Fin Si

Èske ou oswa konpayon w lan gen antesedan pèsonèl oswa familyal pou nenpòt nan pwoblèm medikal sa yo? Tanpri make tout pwoblèm medikal yo:

- Gwo tèt oswa lòt pwoblèm kwomozòm
- Andikap entelektiyèl, reta nan devlopman oswa otis
- Fibwòz sistik
- Deperisman chenn do, mis k ap mouri nèt oswa lòt maladi nè ak mis
- Maladi oswa trè anemi falsifòm
- San dlo oswa lòt pwoblèm pou san an fè boul
- Pwoblèm zo
- Malkadi, kriz
- Anomali tib neral tankou spina bifida (kolòn vètebral ouvè)
- Fèt ak defo nan kè
- Avèg oswa soud
- Omwen de pèt gwosès, foskouch oswa lanmò tibebe
- Enfètilite
- Defo nesans ki pa nan lis ki pi wo a (tanpri eksplike) \_\_\_\_\_
- Defo nesans ki pa nan lis ki pi wo a (tanpri eksplike) \_\_\_\_\_
- Defo nesans ki pa nan lis ki pi wo a (tanpri eksplike) \_\_\_\_\_

### Rekonesans Pasyan an

Mwen li (oswa mwen fè yon moun li pou mwen) Rekonesans Pasyan an pou Konsiltasyon Jenetik. Enfòmasyon mwen bay nan fòmilè sa a kòrèk ak egzak dapre sa m konnen. Natera gen dwa sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman sa a pou kontakte m pou suivi klinik, rezilta, zafè bòdwo/rekouvremant ak pwodui, sèvis oswa etid pou sante. Mwen kapab make ti kare sa a pou chwazi pou yo pa kontakte m pou zafè ki pa klinik.

Lè m make ti kare sa a, mwen bay Natera otorizasyon diskite sou enfòmasyon sou sante m avèk konpayon mwen an (non li ekri nan dokiman sa a).

Siyati pasyan an: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_